

«ФЕДАР ЛÆУУÆ!..» ÆМА «МА ТÆРСÆ!..», ЗÆГЪГÆ, ЗÆГЪДТИТÆ МÆГУРÆН – МÆСГУТÆ!..

***Михаил ПРИШВИН (1873-1954), финсæг: «Ку дæ бафхуæрдæуа, уæд дæ нифс ма расæттæд: ес еу ахсгиаг мадзал – косгæ кæнæ. Гъæуама дæ еугур хъауритæ дæр исаразай дæ исфæлдистадон цирагъ багъæуай кæнунмæ. Еци цирагъи хæццæ рацæудзæнæ уæлахезонæй. Ихалæн тухтæн сæ архайд банидæн уодзæнæй, цард ба аразуни надбæл нæхстæр кæндзæнæй...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№11 (980) 2025 анзи 29 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман

УАЛДЗÆГИ ЦИЙНÆН КÆРОН НÆЙЙЕС, Æ КОМУОЛÆФТ ЗÆРДÆМÆ ГЪÆРУЙ!..

## ЗÆНХИ СОЙНÆ – ЦАРДИ СОЙНÆ!..



АБИСАЛТИ Юрийи конд хуызæ.

**Аци хузæмæ кæсгæй, зæрдæбæл æрбалæууй нæ фидтæлти кæддæриккон загъд: «Зæнхи сойнæ – царди сойнæ!..» Æцæгæйдæр, адæймаг цардгъон цæмæйдæриддæр кæнуй, уонæй нæ рæдауæй боц кæнуй нæ зæнхæ. Нæ дарæг!.. Уомæ гæсгæ ба ни алкедæр, сауæнгæ зæнхи кустмæ ка неци барæ даруй, етæ дæр устур æнгъæлмæ кæсгæй, фæббæллунцæ уалдзæги ралæудмæ. Уæд зæнхæ, куд фæззæгъунцæ, æ зуймон фунæйæй игъал кæнун байдайуй, е 'носон царддæттæг гъуддæгутæй, будуйрон куститæй – барайдзаст уй…**

Уалдзæги федогбæл нимад цæуй дзубулдар. Æма, дан, кæцидæр гъæубæстæмæ дзубулдар нæбал æртахтæй æма æнæ хумгондæй байзадæнцæ. Махмæ гæсгæ, нæ республики зæнхикустгæнгутæ уæхæн цауæй æдас æнцæ – аци бæнтти будурти итингæй-итингдæр кæнунцæ уалдзигон куститæ. Се 'нхæст кæнун кæмæ хауй, етæ архайунцæ рæстæгæй дæр æма сæ равгитæй дæр æнхæстдæрæй испайда кæнун, цæмæй аци анзи тиллæгæрзад рауайа зæрдæмæдзæугæ. Цæмæй е æнтæса, уомæ гæсгæ ба рагацау бацæттæ кодтонцæ сæ гъæууонхæдзарадон техникæ, тауæн æрмæг, минералон гъæцæнтæ æма æвзартæ алли незтæй гъæуайгæнæн нуриккон фæрæзнитæй – æнæ уонæй бæрзонд хуарæрзадмæ æнгъæлмæ кæсæн нæййес. Еци гъуддаги зæнхкосгутæн агъазиау агъазгæнæг æй программæ «Хуайраги æдасдзийнади технологон æфсесадæ».

Аци анз уалдзæгæндæ Цæгат Иристони хумгæндти байахæсдзæнæй 129,4 мин гектари, уонæй 101,7 – нæмуг æма нæмуги хъæдорæ хæлæмулæ, 16,6 гектари ба – техникон культуритæ. Уомæй уæлдай ма 0,7 мин гектареми ба ниййараздзæнæнцæ картоф æма бахчай культуритæ, 10,4 мин гектаребæл ба – фонсæн хуаллаги культуритæ.

2

ЗÆРДÆБÆЛДАРÆН ЦАУ




### АККАГÆЙ ИСЦИТГИН КÆНÆН НÆ НАМУСИ БÆРÆГБОН

*Политикон парти «Еугонд Уæрæсе»-й хъæппæресæй æнхæстгонд æрцæудзæнæй проект «Историон номерæн». Æ сæйраг нисантæ 'нцæ: нæ Цитгин Уæлахези 80 анзи кадæн дзиллон мадзæлттæ исаразун, ветеранти аллихузон хуæрзаудæн гъуддæгутæй исбоц кæнун, нæ адæми намуси æма æндæр културон-уодварнон табуйаг объекттæ гъæугæ хузи барæвдзитæ кæнун, кенæ нæуæгæй райаразун, нæ ирæзгæ фæлтæрти патриотон-гъомбæладон архайд фæйййахедгæдæр кæнун.*

2

НОМЕРÆН



### «УÆЛÆРВТИ ТИГР» ÆЙ ХУДТОНЦÆ

Устур Фидибæстон тугъди дзамани Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ багъæуайгæнæг не 'мбæстонти бæгъатæрдзийнадæ æма æхсардзийнадæ ка равдиста, уонæй еу адтæй игъустгонд æфсæддон разамонæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр, авиаций инæлар-майор Дзусати Мæхæмæти фурт Ибрагим.

Абони ин æ рохс ном имисæн, нæ Цитгин Уæлахези сæрбæлтау ци алæмæти лæгдзийнæдтæй фескъуæлхтæй, уони туххæй дæр, уæдта хуæрзæрæги, 16 мартъий æ райгурдбæл æхсæзинсæй анзи (1905-1980) ке исæнхæст æй, уомæ гæсгæ дæр. Æма сæрмагонд æрмæгутæ мухур кæнæн 4-5-аг фæрстæбæл.

*Регионалон æзмæлд «Хуйæн æма бийæн нæ хеуæнттæн. Уарзонæй Иристонæй»-и волонтертæ суворовонти хæццæ косунцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн гъæуайгæнæн тактикон гъæццолтæ цæттæ кæнунбæл. Етæ не 'фсæддонтæн агъаз уодзæнæнцæ, знаг сæ цæмæй ма æстæфа æма тугъди будури æдасдæр уонцæ, уомæн.*

## БÆРНОН РÆСТÆГ

### ЗÆНХИ СОЙНÆ – ЦАРДИ СОЙНÆ!..

Фæззегæнди æвзарти фæзуæтти 91,3 проценти дæр, специалисттæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй хуарз уавæри 'нцæ – агротехникон æгъдауæй сæмæ аккаг цæстдард æма зилд ке цæуй, уой фæрци. Фæззегæндæн аци анзмæ Иристони зæнхкосгутæ байтудтонцæ нæмугæн 36,68 мин гектари, рапс ба – 15,36 мин гектари.

Ами ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма еугур муггæгутæ дæр нæхе бæстаг ке 'нцæ, сæ хуæрзгъæдæдзийнадæ, рæстæг куд равдиста, уотемæй – бæрзонд.

Нерæнгæ бал уалдзигонбудуйрон куститæ уæлдай парахатдæрæй æнхæстгонд цæунцæ Мæздæги райони, ами æрдзон уавæртæ нуртæккæ бæзгæдæр ке 'нцæ, уомæ гæсгæ. Ами аграрон къабази косгутæ 25 мин гектарей фæзуатбæл базилдæнцæ фæззегæндти æвзартæмæ, бахастонцæ сæмæ гъæцæнтæ, идарддæр дæр куст цæуй гъæугæ хузи.

* * *

Аци хабæртти фæдбæл дзубандий кæронбæттæни ба ма зæгъуйнаг ан еу гъуддаги фæдбæл. Мæнæ фиццаг фарсбæл ци хузæ ниммухур кодтан, уой, куд байамудтан, уотемæй искодта нæ номдзуд хузæгæнæг **Абисалти Юрий**. Æма ин фæуунæн ес, æрæги Абисали-фуртæн Мæскуй аййевæдти Уæрæсейаг академий залти ци исфæлдистадон равдист байгон æй, уоми дæр. Равдист еумæйагæй хуннуй «Провинциалон цард» æма си аййевадæуарзгутæ хузæгæнæги куститæй ке фæууиндзæнæнцæ, уонæй кæцидæртæ æвдист цæунцæ фиццаг хатт.

Абисалти Юрий æй регионалон, еугуруæрæсеуон æма фæсарæйнаг равдиститæ æма армукъати архайæг.

Нимад æй нæ национ аййевадон æгъдæутти райрæзтæн æновуддæр агъазгæнæгбæл, нæ региони нуриккон аййевади зундгонд минæвæрттæй еуебæл.

Аллихузон жанрти косæг хузæгæнæг уæлдай фулдæр æргом æздахуй берæфигурон тематикон композицитæмæ. Юрийи конд уадзимистæ бæрæг дарунцæ арф æнкъарæнтæ æма хуæдхуздзийнадæй. Амæй размæ хузæгæнæги персоналон радвиститæ рацудæнцæ Франций, Америки Еугонд Штатти æма Швейцарий. Аййевадæртасгутæ Абисали-фурти конд куститæн кæнунцæ устур аргъ. Мæскуй ин ка байгон уа, еци равдист цæудзæнæй 6 апърели уæнгæ.

## АДÆМÆН ТАБУГОНД ЦИ ÆЙ, Е КÆСТÆРТÆН ДÆР БÆЛДТАГ УА!..



# АККАГÆЙ ИСЦИТГИН КÆНÆН НÆ НАМУСИ БÆРÆГБОН

Аци проекти нисангонд мадзæлтти æма сæ исæнхæст кæнуни туххæй фарстатæмæ æрæги æркастæнцæ сæрмагонд æмбурди, кæци арæзт æрцудæй Мæскуй Уæлахези Музейи. Уоми радзубанди кодта Уæрæсей историон æхсæнади сæрдар. Æма куд фегъосун кодта, уотемæй аци нин анз уæлдай табуйаг æй – бæрæггонд цæудзæнæй нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей бæрæгбон, уæдта анз æхуæдæг ба нимад цæуй Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл. Аци дууæ ахсгиаг цауей нимайгæй, нæ бæсти гъæуама æнхæстгонд æрцæуа æртинсæй дзиллон мадзали (уонæмæ хаунцæ культурон объектти райарæзти инсæй агъазиау проектемæй фулдæр). Уой фæдбæл æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Украини неонацистон хецауади фудæй хъоргонд ка баййафта, еци Курски æма Белгороди облæстти, уæдта Уæрæсемæ нæуæгæй æрбацæуæг регионтæ Донецк æма Лугански Адæмон республикити, Запорожье æма Херсони облæстти культурон объекттæ 'нцæ нæуæгæй исаразуйнаг, æма еци гъуддаг гъæуама цубур рæстæгмæ æнхæстгонд æрцæуа. Фарста нур уæлдай æнæмæнгæдæр æвæруйнаг æй, уой дæр, музейтæ æма ковæндæнттæ райаразуйнаг ке 'нцæ, айдагъ уомæ гæсгæ нæ, фал ма дуйней дзиллæн нури киеваг хецауади фудракæндитæ дæр бавдесуйнаг ке 'нцæ, уомæ гæсгæ дæр. Курски облæсти сахар Суджий фæстæмæ цæугæй хуæрзæрæги украинаг æфсæддонтæ бунæттон бæстæзонæн музей ниддæрæн кодтонцæ. Уæхæн фудракæндитæн иронхгæнæн нæййес.

Устур Фидибæстон тугъди ветерантæбæл зæрдиагæй ауодун æма нæ ирæзгæ фæлтæрти патриотон гъомбæладæ нимад æнцæ фиццагкезуй гъуддæгутæбæл. Аци анз партион проектмæ гæсгæ нæуæгæй арæзт æрцæуддзæнæнцæ акцитæ «Ветеранмæ дзæнгæрæг», «Ветеранæн лæвар», «Ветерани хæдзари рази парад», «Георгий лентъæ», «Номерæн мудадзин цирагъ», æфсæддонти уæлмæрдтæ бафснайуни фæдбæл еугуруæрæсеуон зеу, лекцион проект «Уæд фæууæлахез ан, нур дæр фæууæлахез уодзинан!..», ахургæнæндæнтти музейти конкурс «Цæмæй ма феронх кæнай, уой туххæй зонун» æмæ æндæртæ.

Нисангонд мадзæлтти туххæй дзоргæй, парти «Еугонд Уæрæсе»-й генералон совети нимæрдар **Владимир Якушев** уотæ баханхæ кодта:

– Еугур Уæрæсей дæр æма къуар фæсæрайнаг бæстеми дæр 25 апърели ка рацæудзæнæй, еци дуйнеуон акци «Уæлахези диктант» æнæмæнгæ, нимад удзæнæй Уæлахези Бони кадæн банхæсткæнуйнаг сæйраг цаутæй еуебæл. Проект «Историон номерæн»-и стратегион сессий дзамани ке бавдесонцæ, еци хуæздæр регионалон проекттæ рапарахатгæнæн ес нæ бæсти еугур рауæнти дæр.

Проекти фæдбæл ци стратегион сесси арæзт æрцудæй, уоми фондз секцийей кусти архайдтонцæ фондз æма цуппаринсæй регионемæй дæс æма æхсæзинсæй координатори æма æхсæнадон советти сæрдартæ. Лæмбунæг дзубанди си цудæй проекти сæйраг нисантæбæл – нæ бæгъатæрти нæмттæ исæносон кæнун, культурон бунти объекттæ багъæуай кæнун æма музейти ахедундзийнадæ фæууæлдæр кæнун æма æндæр ахсгиаг гъуддæгутæбæл.

Партион проектмæ федералон цæстæдарæг, партий центрон æнхæстгæнæг комитети разамонæг **Александр Сидякини** дзубандимæ гæсгæ, цуппаринсæй паддзахади ке рахай кæндзæнæнцæ, «Еугонд Уæрæсе», «Россотрудничество» æма фæсарæйнаг гъуддæгути министрадæ еумæйагæй ке архайунцæ еци фæсарæйнаг фæзти нимæдзæ фæффулдæр кæнунбæл. Фæстæ регистрацигонд æрцудæнцæ тухи ведомствити, æнæнгъæлæги уавæрти министрадæ æма уæлдæр ахургæнæндæнтти. Диктант нæуæг регионти нæма финстонцæ, æма еци рауæнти æ ниффинсунæн фадуат исараздзæнæнцæ.

Стратегион сессий архайдта нæ республики минæвар, партион проект «Историон номерæн»-мæ регионалон цæстдарæг **Фуад Кязымов**. Æма е æ радзубандий уотæ фегъосун кодта:

– Æндæр регионтæй цæстдаргути хæццæ нæмæ пайдайаг дзубанди рауадæй. Партион проект нæ республики æнтæстгинæй æнхæстгонд цæмæй æрцæуа, уомæн зингæ агъаз фæууодзæнæй иннети фæлтæрддзийнадæ. Кузбасси, Ярославль æма Запорожьей облæстти минæвæрттæй ке базудтан, еци медесгун гъудитæй нæ кусти испайда кæндзинан. Цæгат Иристон парахаттæй æнхæстгонд цæуй проект «Историон номерæн». Ирæзгæ фæлтæри патриотон гъомбæладæ фæййахедгæдæр кæнуни нисанеуæгæй берæ акцитæ аразæн. Нуртæккæ нæ сæйрагдæр ихæс æй «Уæлахези диктант» ниффинсуни гъуддаг исаразун æма Уæлахези Бон аккагæй исбæрæг кæнунмæ бацæттæ кæнун, архайæн, цæмæй фæсевæд æма сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæй фулдæретæ се 'ргом раздахонцæ партион акцити разæнгардæй архайунмæ.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

## ЗОНУЙНАГ

### СÆРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИЙ АРХАЙГУТÆ, УÆДТА СÆ БИЙНОНТИ КРЕДИТОН БАДЗУРДТИ (БАДЗУРДОН ИХÆСТÆ) ИХÆСТÆ ÆНХÆСТ КÆНУНИ ХЕЦÆНДЗИЙНÆДТÆ

«Уæрæсей Федераций Гæрзефтонг Тухтæмæ мобилизацимæ гæсгæ æфсæддон службæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, уонæй сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, æма сæ бийнонти иуонгтæй кредитон бадзурдти (бадзурдон ихæстæ) ка архайуй, сæ бийнонти иуонгтæн æма Уæрæсей Федераций хецæн закъонæвæрунадон акттæмæ æййивддзийнæдтæ бахæссуни туххæй» Федералон закъони 2022 анзи 07.10 №377. ФЗ 2 статьяй пункттæ 1 æма 2-мæ гæсгæ, кæд æфсади службæгæнæг фæммард æй сæрмагонд æфсæддон операций æ ихæстæ æнхæст кæнгæй, Украинæ, Донецки Адæмон Республикæ, Лугански Адæмон Республикæ, Херсон æма Запорожьей облæстти, уæд æ кредитон бадзурдти ихæстæ (бадзурдон ихæстæ) æхгæд æрцæунцæ. Уомæй уæлдай, æхгæд æрцæунцæ, æфсæддон службæгæнæги бийнонти иуонгтæй æфсæддон службæгæнæги кредитон ихæсисти ка архайдта, уони ихæстæ дæр.

Уой хæццæ ма, уæлдæр амунд федералон закъони 1 статьяй пункттæ 2 æма 4-аг уагæвæрдтæмæ гæсгæ, æхгæд æрцæунцæ æфсæддон службæгæнæг Уæрæсей Гъæуайкæнуйнади министради сæрмагонд æфсæддон операций архайди размæ ци ихæстæ райста, етæ дæр.

Амунд нормити домæнтæмæ гæсгæ, кæд лæг æма æ цардæмбал æнцæ кредитон бадзурди æмхайесгутæ, банки хæццæ бадзурдон рахастдзийнæдтæ исæвзурдæнцæ лæги сæрмагонд æфсæддон операцимæ рарветуни размæ, уæд еци кредитон бадзурди ихæстæ нимад цæунцæ æхгæдбæл.

***ХУБИАТИ Денис,***
***Дзæуæгигъæуи гарнизони æфсæддон прокурори ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг, юстиций дæлболкъон.***


## СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..





**Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 30 мартъий) 2-аг Белоруссаг фронти æфсæдтæ фæцæнцæ дæрæнгонд сахар Данциги рази сæ нихмæ ка лæудтæй, еци немуцаг-фашистон агъазиау къуар æма си исуæгъдæ кодта еци сахар (нури польшаг сахар Гданьск).**

# «АДÆМУАРЗОН ЛÆГ, ÆНОВУД, ÆНÆНЦОЙНÆ КОСÆГ АДТÆЙ...»



**Къари: Къосирати Сæрмæти цардæмбал Дзагурти Зинæ (галеуæрдигæй), Дзагурти Бæзей (шахматист, Дзагурти Дзахой фурт æма шахмæттæй дуйней æвдæймаг чемпион Борис Смыслови æрдхуард) æма æ хуæрæ Дзагурти Христини хæццæ. Зинæ æма Христинæ адтæнцæ Киристонгъæуи адæмон ахургæнæг Дзагурти Дзабой кизгуттæ, профессортæ Дзагурти Губади, Дзахо æма Темболи хуæртæ.**



**ДЗЕСТИ Кудзæг** (1905-1981) финсæг:

*«Цæгат Иристони киунугæуадзæн мухурæй ке рауагъта Сæрмæти уацти æма радзурдти æмбурдгонд «Сурх турусай хæццæ», уомæй хуарз бакодта, фал еци киунугæмæ Сæрмæти куститæ сæ еугур нæ бацудæнцæ. Цидæриддæр амал ес, уомæй иссерун гъæуй Сæрмæти архив. Гъæуама æнхæстæй рацæуонцæ мухури Сæрмæти литературон бунтæ...»*

*Кудзæги аци гъудий хæццæ æнæгъæнæйдæр арази ан. Æма, ка 'й зонуй, аци гъуддаг арæзт дæр æрцæудзæнæй. Уой хæццæ ба ма æндæр цитгингæнæн гъуддæгутæй кадæгонд æрцæудзæнæй нæ номдзуддæр адæймæгутæй еу, Къосирати Сæрмæт.*

## ЛИМÆН БИЙНОНТÆ

Сæрмæтæн æ цардæмбал – Дзагурти Зини хæццæ еумæ еу астæуккаг скъолай ахур кодтан, æцæг ми еу къласс уæлдæр адтæй. 1930 æнзти Сæрмæти хæццæ нæ фатертæ фæрсæй-фарсмæ фæцæнцæ еу хæдзари, Советти гъæунги.

Иуазæгуарзагæ адтæй Сæрмæт. Гъæутæй, уæлдайдæр ба Уæллагкомæй имæ ахид адтæй иуазгутæ. Еууæхæни ин уойбæрцæ иссæнцæ, æма си дууæ иуазæгей иуазæгуатмæ фæххудта, уомæн æма сæ еугуремæн бунат нæ адтæй сæхемæ еу уати. Еуцалдæр анзи æ фатер унгæг адтæй Сæрмæтæн: еу устургомау уат æма ма 'рбацæуæн минкъий къум, стъол, киунугути скъапп æма си дууæ къелайемæй æндæр неци цудæй. Минкъий фæстæдæр, æ синхаг ку ралигъдæй еци хæдзарæй, уæд фæуурухдæр æй Сæрмæти фатер дæр. Сæ хæстæгутæ сæмæ къуæрегæйттæ æма мæйгæйттæ байзайиуонцæ.

Сæрмæт æма Зинæ хъæбæр лимæнæй, æнгомæй цардæнцæ. Уони хузæн бийнонтæ æз берæ нæ зонун. Цал анзи фæццардтæн сæ фарсмæ, æма сæ хæдзарæй игъæлдзæг дзубандийæй уæлдай, гъæр, гурумухъ дзурд некæд фегъустон.

Еууæхæни циуавæрдæр æнæзонгæ лæг æрбацудæй, ци хæдзари цардан, уордæмæ. Сæрмæт æма æз уоми нæ фæцан еци рæстæги, æма еци лæг, æз коммунхози слесæр дæн, зæгъгæ, фатери æхе зелæнгæнæг искодта. Уотемæй, ванни ци æрхи агæ æвæрд адтæй, уой радавта исцалцæг кæнуни рæуæнтти (ваннæ нæ куста) рахаста... Агæ дæр нæбал æма лæг æхуæдæг дæр нæбал æрбазиндтæй. Сæрмæт æй берæ фæйййагурдта, æрæгиау æй иссирдта, фал е алли рæуæнттæ кодта, æвæдзи, агæ рауæйæ кодта.

Еу бон Сæрмæт милиционери æрбакодта æма æртемæй рараст æнцæ еци лæги фатермæ. Æз æма Сæрмæт разæй цудан, милиционер ба нæ фæсте, тротуарбæл.

Сæрмæти зонгитæй нæ кадæр фæууидта æма уайтæккæ Зинæмæ фæффæдеси 'нцæ: Сæрмæти

– Зинæ уотæ зæгъуй, уæ духовки, дан, къеретæ рафицун не 'нгъезуй?

– Нæ, нæ, дæ нивонд фæууон, нæ си 'нгъезуй, зæгъгæ,– дзуапп равардта уосæ.

Кизгæ уайтæккæдæр фæстæмæ фездахтæй. Æ хуæдфæсте нæмæ Зинæ æма Сæрмæт къæлкъæлгæнгæй æрбамедæг æнцæ:

– Джигкиан, куд загътай нæ кизгæн?

– Фарста мæ, уæ духовки, дан, къере фицун не 'нгъезуй, æма ин загътон нæ си 'нгъезуй, дзæбæх си фицуй.

Еци цау дæр бабæй Зинæ æма Сæрмæтæн ходæги хуасæ фæцæй берæ бæнтти.

Сæрмæтæн е 'ртæанздзуд биццеу Алан дæр фæнзта æ мадæ æма æ фиди. Фæйнæги гæппæлбæл конд «хъæма» æ астæубæл, уотемæй исбуридæ къеламæ æма райдайидæ:

На гора стоит Шамиль.
Он молится Богу.
Вынимает кинжал
И бросает в воду, – зæгъгæ, фелвасидæ æ «хъæма», æргæпп кæнидæ къелайæй æма кафун фæйййагайидæ.

æма ма еу лæги милиционер æ разæй фæххонуй, зæгъгæ. Слесæри æ фатери нæ баййафтан æма гъуддаг уобæл байзадæй, фал фæстæмæ ку 'рбаздахтан, уæд Зинæ æ фурходæгæй дзорун дæр нæбал фæразта.

Иннæ ходæг хабар ба уотæ адтæй. Мæ фатери адтæй пец духовки хæццæ. Сæрмæти фатери ба уæхæнæй неци адтæй. Цалдæр мæйей дæргъи Къосиратæмæ ци уæллагкоймаг иуазæг кизгæ цардæй, е æрбауадæй махмæ æма дзоруй мæ мадæмæ:

## МАСТ ÆМА ФИДБИЛИЗ

Сæрмæти цард æнæмаст нæ адтæй. Фал е нæдæр æхе фуд дæр æма нæдæр æ бийнонти фуд дæр нæ адтæй. Сæрмæтæн æ фидæ бонгин лæг адтæй. Сæрмæт анкетити дæ социалон равзурд циуавæр æй, зæгъгæ, фарстайæн алкæддæр уæхæн дзуапп лæвардта: «Бонгин лæги фурт».

Медтугъди рæстæги (1918-1919 æнзти) Сæрмæт курдиадæ балæвардта циуавæрдæр партимæ (æнгъæлдæн, социалистти-революционерти партимæ) æма си фæцæй, æхуæдæг куд дзурдта, уотемæй æдеугурæй еунæг бон, уæдта æхе исиста фæстæмæ.

Аци дууæ хабари Сæрмæт некæд римахста, æгæр ахид дæр ма сæ дзурдта æма финста. Фал берæ рæстæги дæргъи райронх æнцæ. Партий рæнгъитæ кæдзос кæнуни кенæ æндæр уæхæн дзамани бабæй нæуæгæй рабурдæнцæ. Уогæ ба Сæрмæт адтæй æновуд партион, уотæ зæгъæн дæр ес, æма æцæг партион.

Мæнæ ами ци дууæ хабарей кой искодтон (социалон равзурд æма æндæр партий ун), уонæй ин фулдæр маст æрхаста æндæр, æртиккаг хабар. Е ба уотæ рауадæй. Уорс эмигрант Байти Гаппо фæсарæнтæй æрбарвиста финстæг Къосирати Сæрмæтмæ. Æ финстæги бæрзонд æма къæбæлдзуг дзурдтæй зæрдиаг арфитæ кодта редактор Къосирати Сæрмæтæн, ке нæ феронх кодта æма ин газет «Рæстдзинад» лæвар ке 'рветуй, уой туххæй. Финстæг бахаудтæй партий обкоммæ. Сæрмæтмæ фæддздзурдтонцæ æма 'й рафæрсæбафæрситæ кæнун байдæттонцæ. Дессаг куд нæ фæккастæй е Сæрмæтмæ! Æ гъудий кæрони дæр некæд адтæй Гаппойæн нæдæр газет æрветун, мадта финстæгутæ æрветунбæл ба дзубанди дæр нæййес. Кæд Сæрмæт ескæд Байти Гаппой кой искодта, æ уацти кенæ æ докладти, уæд æй исхудта уорс эмигрант, монархист, устур уруссаг шовинист æма æндæр уæхæн нæмттæ. Гъе, фал цæмæй гъæуама исраст кодтайдæ æхе Гаппойæн газет ка рафинста, уой æнæ исбæрæг кæнгæй?

Газет рафинсæг бæрæг фæууй квитанцийæй. Сæрмæт агорун байдæдта «Рæстдзинад»-и къантори, газети экспедиций квитанцити кæрæнттæ, фал нæййес æма нæййес, неци иссирдта. Нæ ибæл бауæндтæй контролон къамис æма 'й партийæй рацох кодтонцæ.

Сæрмæт ба уæддæр еци агорæги агурдта æма агурдта. Къанторæн æхе медæгæ дзæвгарæ рæстæг фæйййагурдта æма ку неци иссирдта, уæд æзмæнтун райдæдта тургъи æнæгъæугæ гæгъæдимакулатурæ, зæронд корешоктæ æма æндæр уæхæнттæ кумæ калдтонцæ, уоми. Æ амондæн, иссирдта си ке агурдта, еци квитанций корешок. Рацæй – рагъæр æй, æма Гаппойæн «Рæстдзинад» рафинста е 'нсувæр, гъæууон хæдзаради институти ахургæнæг. Сæрмæт имæ фæннæхстæр æй, фал æхуæдæг куд дзурдта, уотемæй рагъуди кодта: «Ку фæттæрса æма уотæ ку зæгъа, æз ин нæ рафинстон, зæгъгæ».

Фал дзæгъæли адтæй æ мæтæ. Байи-фурт загъта Сæрмæтæн æхецæн æма контролон къамиси дæр: æцæгæйдæр æз рафинстон Гаппойæн газет. Уорс эмигранттæ уотæ æнгъæлунцæ, Советон Уæрæсе æнæ уонæй «бабун» æй, æма кæсæнтæ нæ газетти, куд бабун ан, уой. Æма уæд де 'нсувæрæн цæмæннæ балæдæрун кодтай, газет ин рафинстай, уой, зæгъгæ, æй ку бафарстонцæ, уæд дзуапп равардта:

– Кæрæдземæ финстæгутæ некæд æрвистан.

Рæстдзийнадæ исбæрæг æй, æма Сæрмæти фæстæмæ исфедар кодтонцæ партий рæнгъити.

...Къосирати Сæрмæтæн æ уодæгасæй цæмæдæр гæсгæ нæ бантæстæй æ публицистикон уацтæ æма аййевадон уадзимистæ хецæн киунугутæй рауадзун. Еци гъуддаг арæзт æрцудæй айдагъдæр 1964 анзи – Къосирати Сæрмæт цæмæй фудгингонд цудæй æма евгъуд æноси 30-аг æнзти фуддоги цæй фудæй бастъалдæй, еци æримисæг фудкойтæй æ рохс ном кæдзосгонд ку 'рцудæй, æ рæстадæ ку исбæлвурд æй, уæд.

* * *

***Редакцийæй:*** *Ку зæгъæн, Къосирати Сæрмæтæн æ финст публицистикон æма аййевадон уадзимистæй æ фæсте уоййасæбæл берæ нæ байзадæй. Уонæй еу, радзурд «Бонизæрмæ» абони мухур кæнæн 6-аг фарсбæл.*

**(Кæрон. Райдайæн 9-аг номери.)**

**БЕКМÆРЗТИ Афон**

## КЪОСИРАТИ СÆРМÆТÆН

*«Кровопийцы не столько сильны и умны, сколько хитры, коварны и ничтожны».*

Нæ куырыхон, уæздан Сæрмæт,
Кæм уыд цæстуарзондæр дæхицæй.
Уыдис нæ фидæныл дæ мæт, –
Ныфс хуыдтай кæстæрты дæхицæн.

Дæ рæстуд – суадонау сыгъдæг,
Дæ зæрдæ ноджыдæр сыгъдæгдæр.
Фæлæ дыл рамбæлди фыдлæг, –
Налат, фыййау куыдзæй хъыхъхъагдæр.

Дзырдта: «Лæгæй, ды ме знаг дæ:
Гаппойæ дæм уыди фыстæг,
Къостайы уацмыстæ æмбæхстай,
Дæ фыд та уыд хъæздыг, цæрæг...
Фаг не 'ппæлыс мæнæй, мæ бæстæй...»

Дæу марынæн хъуыдис æфсон
(Æфсон ыссарын та цы хъæуы?)
Æмæ дыл баталынг дæ бон:
Ныр сусæгæй дæ хо фæкæуы,
Дæ хиуæттæн сæ цард зындон...

*1948. Юрглаг*

**Фондз æма астинсæй анзей размæ (1860 анзи 31 мартъий Уæрæсей император Александр I бафинста Хецауеуæггæнæг Сенати Указ федар Владикавказæй сахар райаразуни туххæй. 1863 анзæй фæстæмæ ба е иссæй Терки облæсти административон центр.**

***ДЗУСАТИ Ибрагими æмтохгæнæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Алексей Макаренко (1920-1991) æ имисуйнæгти уотæ финста: «Берлини сæрмæ адтæй хъæбæр зин архайæн: уæлдæф бæз-бæз кодта аллихузон бæрæгдзурдтæ æма фæдздзурдтитæй, аллирдигæй игъустæй командирти дзубандитæ тæхгути хæццæ – еузагъдæй, арв æмгув-гув кодта. Уоми мин мæ зонгæ инæлар Дзусати Ибрагим,***


ДЗУСАТИ Ибрагим ахид фембæлидæ кæстæр фæлтæрти хæццæ, зæрдтагон зундамонæг син адтæй.

# «УÆЛÆРВТИ ТИГР» ÆЙ ХУДТОНЦÆ...



## БЕРÆ ДЕССÆГТÆ РАДЗОРУЙНАГ БА ИН КУД НÆ АДТÆЙ

Дзусати Ибрагими цардвæндаги туххæй æ рæстæги берæ аллихузон мухургонд цудæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити дæр æма хецæн тугъдон киунугути дæр. Етæ цæмæдесаг æнцæ абони дæр, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ æма нин ахсгиаг фæрæзнæ 'нцæ нæ ирæзгæ фæлтæрти Фидибæстæ рæстудæй уарзун æма æ сæрбæлтау архайунмæ цæттæ уни зæрдихаттæй гъомбæл кæнуни гъуддаги.

Уонæй цæмæдесагдæр ба 'нцæ не 'мзæнхон бæгъатæрæн æхе имисуйнæгтæ. Етæ мухургонд æрцудæнцæ хецæн киунугæй дæр, хуннуй «Мой позывной – «Тигр». Уоми бæлвурдæй æрдзурдта æ цардвæндаги, æ тугъдон хабæрттæ, æ 'мтохгæнгути туххæй. Нæ абони радзубанди дæр райдайдзинан еци киунугæбæл цубур рафæлгæстæй, уой хæццæ ба уæ базонгæ кæндзинан номдзуд инæлари туххæй имисуйнæгтæй цалдæрей хæццæ.

Дзусати Ибрагим райгурдæй 1905 анзи 16 мартъий Заманхъули зæнхкосæги хæдзари. 1924 анзи Дзусай-фурт Сурх Æфсади рæнгъитæмæ службæ кæнунмæ рандæй. 1929 анзи каст фæцæй Оренбурги тæхгути æфсæддон скъола. Тугъди дзамани Иристони минæвар ахæста авиацион полкки, фæстæдæр ба – дивизий æма корпуси командири бунæттæ. Лæгæвзарæн тугъдтити Ибрагими тæхгутæ æргæлстонцæ знаги 832 хуæдтæхæги (уонæй 219 Берлини уæларви). Дзусай-фурт нимад æй «Батя», зæгъгæ 'й, еци фæлмæн номæй ка худта, Советон Цæдеси æртæ хатти еци Бæгъатæр А.Покрышкини, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæртæ Г. Речкалови æма Д.Глинки, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Бабаки, Федорови, Голубеви, Дольникови, Б.Глинки, Бересневи, Лавицкийи æма æндæрти гъомбæлгæнæгбæл.

Дзусай-фурти киунугæн раздзубанди ниффинста авиаций инæлар-болкъон, ССР Цæдеси æскъуæлхт æфсæддон тæхæг, олгинскæйаг Цоколати Эльдар Вениамини фурт.

Киунуги автор зæрдæхцæуæнæй имисуй е 'ригони бæнттæ, уæд заманхъуйлаг фæскомцæдесонтæ цæйбæрцæбæл арфиаг гъуддæгутæ аразтонцæ, уой. Е 'фсæддон карнæ кутемæй райдæдта, уобæл дзоргæй, имисуй Краснодари хуæнхаг адæмти бæхгин æфсади скъолай ахури бонтæ, уой дæр сæ имисуй сæрустурæй, уомæн æ рæстæги уоми службæ кодтонцæ е 'мзæнхонтæ, федæни номдзуд æфсæддон разамонгутæ Плити Иссæ æма Мамсурати Хаджи-Умар...

Тугъди райдайæни майор Дзусай-фурт адтæй 45-аг кунæггæнæг авиаполкки командир. 1940 анзи Жуковскийи номбæл тугъдон-уæлдæфон академи каст фæуууæг тæхæг нимад адтæй æфсæддон хаййи фæлтæрдгундæр авиатортæй еуебæл. Тугъди райдайæни ЯК-1 хуæдтæхгутæй ефтонггонд 45-аг авиаполк гъæуай кодта Бакуй уæларв.

Дзусай-фурти авиатортæ немуцаг люфтваффейи тогцъухти хæццæ фиццаг хатт истухтонцæ 1941 анзи декабри кæрони Хъирими уæларви. 30 декабри сахар Керчмæ хæстæг Ибрагим æргæлста фиццаг фашистон Хе-111 æма уотемæй байгон кодта 45-аг авиаполкки тæхгутæ ке басугъ-тонцæ, знаги еци хуæдтæхгути номхигъд. 1942 анзи январæй майи уæнгæ ирон биццеуи тæхгутæ æргæлстонцæ 47 гитлерон хуæдтæхæги, сæхецæй ба фæгъгъудæй айдагъдæр еу, 4 майи Дзусай-фурт разамунд кæмæн лæвардта, еци æхсæз Як-и æргæлстонцæ, фашистон æфсади генералон штаби минæвæрттæ кæми фæцæйцудæнцæ, уæхæн хуæдтæхæг Ю-52 æма уотемæй сæрмагонд тугъдон бардзурд æнтæстгинæй исæнхæст кодтонцæ.

Беслæни аэропорти 1942 анзи августæй сентябрмæ, æрбунæттон уогæй, 45-аг авиаполк архайдта Дзæуæгигъæуи æма Мæздæгмæ хæстæг уæззау уæлдæфон тугъдтити. Ибрагим финсуй: «Уæлахезон æфсæдти хæццæ бастæй сентябри нæ полк архайдта Мæздæгмæ, Мæлгъæвæг æма Елхоттæмæ хæстæг карз тугъдтити. Аллибон 4-5 тугъдон бардзурди æнхæст кæнгæй, нæ тæхгутæ знаги техникæ пурхæ кодтонцæ, фашистти авиаций æрбампурститæн карз нихкъуæрд лæвардтонцæ.

Бæгъатæрдзийнади æма тугъдон дæснидзийнади туххæй 45-аг авиаполкки тæхгутæбæл исбадтæй «Тигр»-и ном. Ибрагимæн æ фæсномуг дæр «Тигр» адтæй. Терки билгæрæнтти æвдист тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй 45-аг авиаполккæй исаразтонцæ 100-аг гвардион авиаполк, æфсæддон хаййи командирæн равардтонцæ дæлболкъони цин æма 'й Сурх Турусай орденæй исхуарзæнхгин кодтонцæ.

Дзусай-фурти 1943 анзи 12 майи исæвардтонцæ, фæстæдæр 19-аг гвардион авиадивизи кæмæй исарæзтонцæ, еци 216-аг авиацион дивизий командирæй. Не 'мзæнхони уарийтæ архайдтонцæ Краснодари край, Ростови область, Хонсайраг Украинæ æма Хъирим вермахти æрдонгтæй иссæребарæ кæнуни тогкалæн тугъдтити. «Кубани уæлдæфон тугъдтити рæстæг фашистон авиацибæл æрцудæй устур зиан. Знаги авиаций 1100 экипажæй фулдæр Тамани æрдæгсакъадахи сæ ингæн иссирдтонцæ», – финсуй зундгонд æфсæддон разамонæг.

Ибрагимæн 1944 анзи майи равардтонцæ авиаций инæлар-майори цин æма 'й исæвардтонцæ 1-аг Белоруссаг фронти 6-аг гвардион авиакорпуси командирæй. Белоруссi æма Польшæ иссæребарæ кæнуни, уæдта Берлин байсуни карз тугъдтити туххæй Дзусай-фурт æ имисуйнæгти лæмбунæг финсуй. Зæгъун гъæуй уой, æма Ибрагими авиакорпус знаги фæскъилдуни тохæг инæлар Плити Исси бæхгин-механизацигонд æфсæддон къуари тугъдон архайæн фадуæттæ аразта.

Тугъдон бардзурдтæ æнаййеппæй æнхæст кæнуни æма уæлдæфон тугъдтити бæгъатæрдзийнадæ равдесуни туххæй 1945 анзи 29 майи не 'мзæнхонæн равардтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном. Уомæй уæлдай, тугъди дзамани Дзусай-фурт хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини æма Сурх Турусай фæйнæ 3, Суворови 2 орденемæй, польшаг орден «Грюнвальд»-æй æма берæ майдантæй. Ибрагимæн æма æ дæлбартæн Сæйраг Уæлдæр Командæгæнæг, Советон Цæдеси Маршæл И.В. Сталини номæй цуппæрдæс хатти райарфæ кодтонцæ.

Киунуги фæстаг дууæ сæргондеми дзубанди цæуй Ибрагими фæстугъди царди туххæй. 1948 анзи Генералон штаби академи каст фæууни фæсте Дзусай-фурт Тугъдон-уæлдæфон тухти ахæста аллихузон бæрнон бунæттæ, 1950-1955 æнзти куста «Аэропорт»-и Красноярски крайи управлений хецауæй. 1955 анзи запаси рандæуни фæсте раййивта Иристонмæ æма ами партион, советон æма хæдзарадон оргæнти куста, разæнгардæй архайдта æхсæнадон цæрди, цалдæр хатти 'й равзурстонцæ Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Советi, республики сæйраг сахари æма райони советти депутатæй. Цалдæр анзей дæргъи ДОСААФ-и обкомæн разамунд дæттæй, номдзуд тæхæг республики гъæуайкæнуйнадон-дзиллон æма патриотон гъомбæлади кустмæ бахаста устур æвæрæн.


ДЗУСАТИ Ибрагим (галеуæрдигæй) æма Александр Покрышкин (рахесæрдигæй). 1974 анз.

*æстауæнтæ æма устур дзубандитæ æгириддæр ка нæ уарзта, е уæлæмæ кастæй, æ халас закъæ лигъз кодта æ къохи урзæй. Уотемæй дзурдта: «Берлин байсуни фæдбæл тугъдтити рæстæг куд байеу æй еугур æфсæдти æмархайд, уотæ уæди уæнгæ некæдма адтæй. Арвбæл æнæгъæнæйдæр хецау-еуæггæнæг айдагъдæр советон авиаци адтæй...»*



Советон Цæдеси Бæгъатæр, номдзуд инæлар ДЗУСАТИ Ибрагим Иристони финсгути къуари хæццæ.

**ИМИСУЙНÆГТÆ**

## СÆРУСТУР ДÆН МÆ ФИДÆЙ

Æноси цуппæрæймаг хай рацудæй мæ фидæ Дзусати Ибрагими мæлæтбæл, фал мæ зæрдæй нæ иронх кæнуй æ рохс сорæт. Æма куд ес феронхгæнæн уæхæн фидæн – инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр. Æндаг бакастæй куд рæсугъд адтæй, уотæ рæсугъд адтæй æ меддуйне дæр. Мах, æ сувæллæнттæ, адтан цуппар, дууæ кизги æма дууæ биццеуи. Берæ нæ уарзта нæ фидæ, фал нæ къæсибадæг некæд кодта, нæмгæ дæр уотæ, нæ нин кастæй нотацитæ дæр. Æ еунæг æрбакаст дæр фагæ адтæй, цæмæй нин, ци зæгъуйнаг адтæй, уой балæдæрун кæна. Гъомбæл нæ кодта æхе дæнцæнбæл.

Нæ еугурдæр, æ сувæллæнттæ, хуарз ахур кодтан, фудаг нæ адтан нæдæр скъолай, нæдæр гъæунги, нæдæр хæдзари. Нæ фидæ ни уæлдай сæрустур адтæй, цуппаремæй дæр уæлдæр ахургонддзийнадæ ке райстан, уой туххæй. Уæлдай сæрустурдæр ба мæнæй, æ хестæр кизгæй адтæй. Мæхецæй не 'ппæлун, фал мæ фиди некæд нецæмæй фæкъкъæндзæстуг кодтон, мæ кæстæр хуæрæ æма æнсувæртæн адтæн фæнзуйнаг ахури дæр æма æгъдауæй дæр. Æхцæуæн ин адтæй, дохтир ке исдæн, уæдта коммунист, æртæ сувæллоней мадæ. Мæ цардæмбал Мардантæй адтæй, цхинвайлаг. Æнæнгъæлæги базудтан кæрæдзей идард Сибири. Нæ еу дæр фæсмойнаг нæ адтæй.

Нæ мадæ Кодзурти Офийи хæццæ кæрæдзей берæ уарзтонцæ. Уой некæд гъуди кæнун æма сæмæ ескæд естæбæл хъаугъа рауадæй, алли гъуддаги дæр лæдæрдтæнцæ кæрæдзей.

Æма дада ба ци хуарз дада адтæй! Еу рæстæги æ хæдзари гъомбæл кодтонцæ мæ сувæллæнттæ æма ма хуæрæ Тамари сувæллæнттæ дæр. Уæд нæ дууæ дæр, хуæртæ, Кæройнаг Цæгати цардан, æз – Норильски, е ба – Воркутай. Уотæ дзоридæ нæ фидæ: «Сабийтæ гъæуама ирæзонцæ хузæнон уавæрти, фагæ син уа хуар æма рæзæ». Ке зæгъун æй гъæуй, Цæгати уæхæн уавæртæ нæ адтæй æма æ фæндæбæл исарази ан. Еудзурдæй, нæ фидæ адтæй хуарз бийнойнаг, хуарз фидæ æма дада.

Тугъди фæсте нæ бæгъатæр фидæ райиивта цалдæр бунати, службæ кодта Германий, сахар Львови, фæстагмæ куста Аэрофлоти Красноярски управлений хецауæй. Аллирауæн дæр ниууагъта хуарз фæд, ке хæццæ службæ кодта æма куста, уонæн адтæй фæнзуйнаг е 'гъдау æма сæрæндзийнади фæрци. Инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр... Æ бунати æндæр еске æхе бæрзонддæр дардтайдæ, æнæнвæрсонтæ кодтайдæ. Нæ фидæмæ уæхæнæй неци адтæй, хумæтæги инæлар, хумæтæги Бæгъатæр. Ка 'й зонуй, æма æ бæрзонддзийнадæ æ хумæтæгдзийнади адтæй.

Цийфæнди устур бунæтти кæд куста, цийфæнди идард кæд уидæ æ райгурæн зæнхæй, уæддæр æ гъудитæ Иристони хæццæ адтæнцæ, уомæн æма уарзта æ райгурæн къум, е 'мтог адæми. Æнæ уарзгæ 'й нæ адтæнцæ адæм сæхуæдтæ дæр. Уой туххæй æрхæсдзæнæн айдагъдæр еу дæнцæн. Красноярски ку куста, уæд æй партий крайком рарвиста партий Богучаныйи райкоми партконференцимæ бæрнон лæгæй. Гъæлæс кæнуни размæ фæлладуадзæн минутти Ибрагим æндæмæ рауадæй тамаку думунмæ. Лæууй райкоми бæстихаййи æма думуй тамаку. Уæдмæ райгъуста:

– Ирон дæ?

– Æма ду дæр ирон дæ? – рафарста 'й мæ фидæ.

Базонгæ 'нцæ. Е адтæй Богучаныймæ æрвист ахæст ирон лæг. Конференций фæсте еумæ фæттезгъон кодтонцæ Ангарай билгæрæнттæбæл. Базонгæ 'й иннæ ахæст ирæнтти хæццæ дæр. Инæлари кадæн кувд искодтонцæ. Æхсæвæ 'й нæбал рауагътонцæ. Фæстæдæр нæ фидæ ахид æримисидæ еци кувди хабар, идард Сибирмæ æрвист ирæнтти. Æма сæ куд гъæуама феронх адтайдæ, кæд æма ин карз партион æфхуæрд æнæбари «бакосун» кодтонцæ, уæд. Цæветтонгæ, партий крайкоми гъостæбæл æрцудæй еци хабар æма имæ бюрой æмбурдмæ фæдздзурдтонцæ... Фал нæ фидæ æ еци «фудракæндæбæл» æгириддæр нæ фæсмон кодта. Уотæ зæгъидæ: «Уоми ци æхсæвæ рарвистон, е мæрдти бæсти дæр мæ хæццæ уæд...»

***МАРДАНТИ-ДЗУСАТИ Розæ***

**БÆГЪАТÆРИ НОМ ЦИТГИНГОНД ЦÆУЙ**

*Дзусати Ибрагим æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1980 анзи 28 октябри. Байвардтонцæ 'й Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæни тургъи. Дзусай-фурти ном хæссунцæ Дзæуæгигъæуи æма Беслæни гъæунгтæ, Заманхъули скъола, уæдта республики авиацион-спортивон клуб. Цалдæр анзей размæ æ ном лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи 46-аг скъолайæн дæр. Аци ахургæнæндони азгъунсти фарсбæл ба абони дæр фæуунæн ес мраморæй конд номерæн фæйнæг.*




## НÆ ДУУÆ АЛÆМÆТИ ЗÆРДÆХЦÆУÆН ФЕМБÆЛДИ

Советон Цæдеси Бæгъатæр, авиаций инæлар-майор Дзусати Ибрагими кой æз фиццаг хатт фегъустон 1955 анзи Армавири тæхгути-кунæггæнгути æфсæддон училище каст фæууни фæсте. Идарддæр службæ кæнунмæ æрвист æрцудтæн ПВО-й Бакуй округмæ. Ардигæй райдæдта æ намуси над Дзусати Ибрагимæн евгъуд æноси 30-40-аг æнзти. Ами 'й беретæ гъуди кодтонцæ, беретæ зудтонцæ. Æма мин æ кой хъæбæр æхцæуæн адтæй.

Дзусати инæлари хæццæ фембалдтæн дууæ хатти. Фиццаг хатт – 1972 анзи. Мах, дууæ ирон тæхæги, æз æма Джиоти Вадим, Египети тугъдон архæйдтити бархеуонтæ, фæцæйцудан Ной Буачидзей гъæунги (нур Къостай проспект) Дзусати Ибрагими хæдзари рæзти.

– Гъæйдæ æма бæгъатæр инæлари рабæрæг кæнæн, – загъта Вадим.

– Аййев нæ уодзæнæй, кæми инæлар æма кæми майор æма дæлболкъон, – нæ арази кодтон æз.

– Æхцæуæн ин уодзæнæй тæхгути æригон фæлтæри хæццæ, нуриккон тугъди архайгути хæццæ фембæлд.

Цубурдзурдæй, исарази мæ кодта. Инæлари баййафтан хæдзари. Бацийнæ нæбæл æй, æцæгæйдæр. Уайтæкки нин фингæ рарæвдзæ кодта. Бæгъатæр инæлари хæццæ фæйнæ сикъай дæр баниуазтан. Советон Цæдеси берæ Бæгъатæртæ исгъомбæлгæнæг, уони хæццæ æртæ хатти Бæгъатæр Покрышкини дæр, байгъуста нæ хабæрттæмæ, рафæрститæ нæ кодта, уæдта, цæугæ ке кæнæн, уой ку балæдæрдтæй, уæд уотæ зæгъуй:

– Ма ратагъд кæнетæ цæунмæ, нуртæккæ радиойæй циуавæрдæр нæуæг зар гъæуама разаронцæ æма имæ еумæ байгъосæн.

Инæлари загъдбæл куд нæ гъæуама исарази адтайанæ. Минкъий фæстæдæр, æцæгæйдæр, радиойæй райгъустæй Советон Цæдеси Бæгъатæр Дзусати Ибрагими зар. Инæлар имæ æхуæдæг дæр игъуста фиццаг хатт. Æ цæститæ бауомæл æнцæ фурцийнæй. Мах райарфæ кодтан нæ рæдау фусунæн, хуæрзбон ин загътан æма рацудан.

Инæлари хæццæ нин дуккаг æма фæстаг фембæлд адтæй фондз æма инсæй анзей размæ, гъулæггагæн, табæти уогæй, е 'носон надбæл ку цудæй, уæд. Ростовæй отпуски иссæугæй фегъустон Ибрагими зиани хабар. Уайтæкки афицерти Хæдзари балæудтæн. Сæрмагонд хецауадон къамиси иуонгтæ мæ тæхæги дарæси ку рауидтонцæ, уæд мæ279 ислæуун кодтонцæ кадгин караули. Берæ, хъæбæр берæ адæм æрæмбурд æй Ибрагимæн хуæрзбон зæгъунмæ. Уони хæццæ æз дæр фæццудтæн æнкъардæй сауæнгæ Ирон аргъауæни тургъæмæ. Еци кадгин бунати байвардтан нæ бæгъатæр тæхæги. Фал æ рохс цæсгон абони дæр лæууй мæ зæрдæбæл. Нæ фиццаг фембæлди мин ци хузæ балæвар кодта, уобæл фæстеггæй æхе къохæй ниффинста: «На память моему земляку Виктору Александровичу от представителей 5-го океана, а главное, летчиков-истребителей старшего поколения.

Гвардии генерал-майор авиации Дзусов».

Дзусати Ибрагими хузæн бæгъатæр адæймæгути рæстæг дæттуй. Гъема нæбæл уæхæн рæстæгутæ искæнæд, цæмæй Иристони Ибрагими хузæн кадгин лæгтæ, уой хузæн намусгин инæлартæ уа берæ.

***ÆГЪУЗАРТИ Виктор,***
***тугъдон тæхæг-снайпер,***
***авиаций болкъон.***



***Пьер БАЛЛАНШ (1776-1847), францусаг финсæг: «Хебарæ унмæ алкæмæй дæр хъæбæрдæр бæллунцæ, æрдзон искурдиадæй хайгин ка ’й, еци адæймæгутæ. Уонæн сæ уод тæбар-тубур кæнун байдайуй удагъайæнæй исуæгъдæ уни равги фарнæхæссæг уолæфтæй, мæнæ идзаг æфсертæ рæуæг уоддзæфи æрбандзæвунæй æхцæуæн æзмæлд, куд фæккæнунцæ, уотæ...»***

Тæккæ скъæти фарсмæ уæсдони кæвдæси – Газакки хуссæн. Æхсæвæ дæр си берæ нæ фæххуссуй. Аллирдигæй æй гъæмпæ, судзийни хузæн цъуст кæнуй, е ’скъудтæ кæрцæ æмбæрзæн ба – цубур æма нарæг. Дуæртти цъæстæй думгæ къуззитт кæнуй.

Фæндон гъар нæма иссæй биццеу æ листæни, уотæ æ гъостæбæл рауадæй хецауи къахдзæфти гъæр. Æхсæвæ ма ’й, фал ихуæрсти игъал кæнунмæ рацудæй. Æ цæститæ райгон кæнун нæ фæразуй – банихæстæнцæ æ тъæфæлттæ. Гъар æнгъæлдзауæй æхе арфдæр нитътъунсуй гъæмпи.

Къахи гъæр æрбахæстæг æй. Æрбайгъустæй хецауи æвзист дзурд:

– Гъей, кæми дæ, биццеу! Мæрдцъундæ никкодтай, æви ци фæдтæ? Тагъд рагæпп кæнæ æма фонси гъуд ракæнæ!

Æрæгæмæ ку кодта, уæд лæг æваст фæккарздæр æй æма мæстгунæй æрбадзурдта:

– Фестуйнаг нæбал дæ, æви ци?

– Гъенур лæдзæги хæццæ ами æрбалæудзæнæй,– æхенимæр рагъуди кодта Газакк. Тагъд фæггæпп кодта æма е ’скъудтæ голлагæй хæлаф кæнунмæ февналдта: тас ин нæбал æй – голлаги хъæбæр нæ фæрресдзæнæй лæдзæги цæф.

Бунтон байгон æнцæ æ цæститæ. Биццеу æ хъæппæлтæ нæма искодта æ уæле, уотæ бабæй хецау хъур-хъур кæнунмæ февналдта:

– Гъæйдæ, гъæйдæ, фæттагъд кæнæ!.. Аци бон хатир, фал ма дæ дуккаг хатт уотæ берæ хусгæ баййафтон, уæд «нæ фегъустон» ма зæгъæ... Де ’ркъетæбæл уойбæрцæ ци сун-сун кæнис? Надбæл дæр сæ рабæтдзæнæ... Не ’гъосис фонси гъæрмæ?.. Дæумæ кæсунцæ!

Фонси мæтæ ’й уотæ хъæбæр нæййес, æ тæнгтæ кæрæдзебæл бамбалдæнцæ фурстонгæй. Еу едуг уæддæр ку исхупп кодтайдæ цумуйнаг... Фал хецауи лæдзæг ставд æй, æма ку исмæстгун уа, уæд æнæхатирæй ниццæвдзæнæй... Фæрресуни бæсти æй хуæруйнаг дæр нæ гъæуй.

Тагъд-тагъдæй биццеу фæлледзуй скъætмæ...

Æ уæриккитæ сæумон æртæхи хезунцæ цъæх нæуæбæл. Газакк дæр исбадтæй еу дорбæл æма Бонвæрнон стъалумæ кæсуй,– е дæр фиййау æй, æ алфамбулай ци мегътæ ес, етæ ба æ фæсте. Еци фиййаумæ берæ уорс фустæ æма уæриккитæ ес.

– Цума е дæр æ фустæ хезунмæ сæумæраги æнæ хуæргæй рацæуй? Ка ’й зонуй, æма уотæ уодзæнæй, æндæр ба цæмæн ниффæлорс æй?

Уайтæккæ Бонвæрнон стъалу æрбайсавдæй, уомæн æма хор искастæй.

Цæбæл уотæ цийнæгæнгæй зарунцæ цъеутæ къотæрти?

Уонæн ци ’й – сæ фæлмæн хуссæнти сæ цæйбæрцæ фæффæндуй, уойбæрцæ фæхххуссунцæ. Алкæмæн дæр си цæттæ фингæ. Мæтæй мæлунцæ... Фиййау биццеуи хузæн, æвæдзи, стонг не ’взарунцæ.

Уæд дедегутæ ба цæмæн зайунцæ ами? Цæг си цума искæнон? Æма мæ цæмæн гъæуй? Уæрикитæн – æма етæ деденæги цæг сæрбæл æркæнуни бæсти æй рахуæрдзæнæнцæ. Æхецæн искæна? Æма, æдули кизгуттæй æндæр ма биццеутæй еске деденæги цæгтæ фæккæнуй. Биццеуæн цъеутæ ахæссун федауй.

Газакк къотæрти æхе ерхæфсуй сау нæмуг, мæнæргъи, хъæлæрдзитæ æмбурд кæнгæй. Рæсугъд хуæнхон игуæрдæн – фиййауи фингæ, æ сæумон сехуар – цæттæ... Ку ниддæнгæл æй Газакк, уæд æхе кæрдæгбæл æруагъта. Æ цæстæ даруй уæддæр æ дзогæмæ. Уæриккитæ игъæлдзæгæй, зæрдиагæй хезунцæ. Ерисæй догъи уайунцæ, кæрæдзей фийий бунæй æскъæфунцæ адгин кæрдæг, хъаурæгиндæртæ уæлахез кæнунцæ. Минкъийтæн сæ бон неци ’й æма тухгиндæрти уæлдæйттæмæ æнгъæлдзауæй еуварс лæуунцæ.

«Ехх, уæуæй, æз дæр ескæд ку исирæзинæ,– сæнттæ амайуй Газакк,– уæд нæбал цæуинæ уæлигæсæй, ниуудзинæ мæ уæриккити дзогæ æма куд цийнæгæнгæй кæрдинæ иннети хæццæ хуасæ, кенæ гъæди сог куд фадинæ! Уæд æз дæр фингæбæл бадинæ, æма иннæ устур адæм куд дзорунцæ, уотæ дзоринæ æма ходинæ. Бæрæгбæнтти ба нæуæг цохъа, æвзестæ хъæма æма ирон ронæ мæ астæубæл, уотемæй иннæ биццеути хæццæ гъазтмæ цæуинæ. Æхсæвæй-бонмæ сæрак дзабурти кафинæ...

«Уау, мæгур мæ бон, нæмгæ бабæй ке кæндзæнæнцæ... Ци ма кæнон, кæми ма агорон мæ уæриккитæ?»

Æрхудтæй æхебæл: «Биццеуæн кæун не ’нгъезуй, уотæ ба не ’сустур уодзæнæн». Расæрфта бабæй æ цæститæ. Минкъий фæстæдæр иссирдта уæриккити æма сæ æртардта гъæумæ. Цалинмæ фусти гъуддаг кодта, уалинмæ изæрхуар хуæрд æрцудæй æма ма Газаккæн айдагъ къæбæртæ æризадæнцæ. Куддæр къæбæрмæ бавналдта, уотæ бабæй хецауи гъæр иссудæй:

– Ци бабæй фæцæй еци къæсибадæг биццеу?

– Дæ хуарзæнхæй,– дзоруй имæ æфсийнæ, – уотæ тагъд дæ цæмæн багъудæй, биццеуи бахуæрун бауадзæ.




***Къосирати Сæрмæт куд исфæлдистадон косæг, уотæ æ тæлæнтæ куд нæ хастайдæ финсунмæ. Æма ’й куд æхсæнадон архайæг, уотæ æ берæ ихæстæ хъор кодтонцæ, уæддæр финсунæн иссеридæ рæстæг æма фадуат. Гъулæггагæн, æ хъисмæт уотæ рауадæй æма ин æ бон куд адтæй, уотæ берæ ниффинсун нæ бантæстæй.***

***Мадта ин киунугæ рауадзун дæр нæ бантæстæй – айдагъдæр ин æ фæсмæрдæ (1964 анзи) рацудæй æ уацтæ æма радзурдти æмбурдгонд «Сырх тырысаимæ» – бацæттæ ’й кодта Къосирати Ю. Еци киунугæй исистан мæнæ Сæрмæтæн абони ци радзурд мухур кæнæн, уой дæр.***

# БОН-ИЗÆРМÆ



Уалинмæ уæриккитæ цъæх зæлдагæ нæуæбæл хъиллиститæ кæнун бæйдæдтонцæ. Мæцкъу æма сау нæмугæй сехуари æфсес берæ нæ хæссуй. Газакки стонг исхъурмæ кодта. Æмбесбони цъæх хъуæцæ æхе уæлæмæ есун байдæдта. Хор арви астæуæй артау æдзинæг никкастæй уæриккитæбæл дæр æма Газаккбæл дæр. Уæриккитæ гъæдæмæ ледзун байдæдтонцæ. Биццеу дæр сæ бæргæ багъавта сорунмæ, фал къотæрти æма арф игуæрдæнти рафæстеуат æй.

Берæ сæ фæййагурдта гъæди, фал некæми æма неци. Фесавдæнцæ. Уæд æрбадтæй Газакк æма гъарæнгæ кæнун райдæдта:

– Тагъд игуæрдæнтæмæ хуастæ амайунмæ уайæд, кенæ ба сæбæл уарун фæуудзæнæй.

Дуккаг дзурд кæнун имæ нæбал багъудæй. Едуг фæггæлста æма уæртæ игуæрдæнтæмæ надбæл тъæбæрттæй фæуууайуй. Игуæрдæн хæстæг æй. Куддæр бахъæрдтæй Газакк, уотæ къапунæй сæрмæ исгæпп кодта æма дин хуаси сæрбæл æркафта.

Цæмæй хуасæ ма бамбуйа, уой тухæй хъæбæрдæр нæмгæ æй къапуна. Æ бон цæйбæрцæ ’й, уойбæрцæ архайуй Газакк. Хаттæй-хатт хуаси лæваæрæни буни фæууй, синдзитæ ин æ игон уæрагисæртæ рæхуайунцæ, фал уæддæр минкъий фиййау æ куст нæ уадзуй.

Газакк арвмæ искæсуй: «Куд нæ уаруй? Уой бæсти ба уæриккитæ ку хезинæ», – рагъуди кæнуй æхенимæри. Уаргæ не ’ркодта, фал дудзи хор хуæнхти цъоппитæбæл семгæй нигулæнмæ æрхæстæг æй. Хуасæ уомæл кæнун ку байдæдта, уæд косгути хестæр сагойнæ зæнхи рацавта: «Аци бон бал фагæ ’й».

Уалинмæ кæрдзиндзау кизгæ хæдзарæй хуæруйнаг рахæссуй. Косгутæ æрбадтæнцæ æма бавналдтонцæ хуæруйнагмæ. Минкъий фиййау дæр æ къох бадаргъ кодта едугмæ, фал æй хестæр фæуууорæдта:

– Биццеу, дæу бадунмæ нæ евдæлуй, къæбæр дæ къохи райсæ æма тагъд уайгæ, фустæ изæри хезнæмæ раскъæрæ!..

Бустæги æнкъардæй бабæй мæгур биццеу рандæй æд къæбæр фустæ скъæрунмæ.

Фустæ æма уæриккитæ хезунцæ нæуæбæл. Минкъий фиййау бабæй æруагъта кæрдæгбæл æ фæллад иуæнгтæ.

Кæсуй уæлæмæ, цъæх арвмæ. Фæлмæн уорс мегътæ уæриккити дзогтау æзмæлунцæ. Минкъий фиййау бабæй сæнтти бацудæй: «Мæ мадæ будурмæ ихуæрсти хумæ кæрдунмæ рандæй, фидæ мин нæййес... Гъæйдæ, алци некæмæн ес!.. Æновудæй ку косон æма сахъ биццеуæй мæхе ку ’вдесон, уæд мин устур мизд феддзæнæй мæ хецау. Закъæ рауадздзæнæн, уосæ ракордзæнæн æма мæхецæн хумгæнæг хæдзарæй бацæрдзæнæн... Мæнмæ берæ галтæ æма фустæ уодзæнæй...»

– Биццеу, фустæ кæми ’нцæ? – цæуй тургъæй хецауи гъæр.

Фиййау фæггæпп кодта. Дæ фудгол уæхæн гæпп ку фæккодтайдæ: фусти дзогæ хуми астæу зудæй æмпурсунцæ. Бауайунмæ сæмæ куд гъавта Газакк, уотæ ин хецау æ галеу къохæй е ’фцæкъуатæбæл фæххуæстæй, рахесæй ба ’й лæдзæгæй нæмунмæ фæцæй. Нæмунæй ку бафæлладæй, уæд æй исуагъта.

– Дуккаг хатт ма дæ уотемæй ку байафон, уæд дæ пурусайæй нæмдзæнæн.

Æ цæстисугтæ калгæй, Газакк фусвонс ракæнуй скъæтмæ. Фустæ скъæти меддуар фæцæнцæ.

Уалинмæ согдзаутæ уæззау уæрдунти хæццæ æрбахъæрттæнцæ... Фæллад галти хезунцæ гъæуи. Изæрдалингтæ, сау цæргæсау, сæхе æруагътонцæ коммæ. Газакк таси бацудæй. Саумæрæ æхсæви алли дор дæр тæрсун кæнуй. Арф коми дони гур-гурæй хъæбæрдæр тæрсуй, дессагау кæсуй сауæдони хæбал-хубул дæр минкъий биццеумæ. Æнахур тар уæйгутæ лæуунцæ аллирауæнти дæр, уæлдæфи цидæртæ ратæхуй, пеллонгæнгæй; арвæй хаунцæ стъалутæ.

Биццеуæн æ уод æ къæхти бунæй рагæпп кæнунмæ гъавуй. Æ фуртæссæй гали къæдзелæбæл низзæболæ ’й æма си изолмæ нæ цох кæнуй. Мæйдар æхсæви, æнафони исигъустæй хецауи гъæр:

– Ракæнæ галтæ дæлæмæ!

Æфсийнæ ин ци æхсæвæр æрæвардта, уомæ æвналгæ дæр нæ бакодта. Фурфæлладæй æ къæхтæбæл нæбал лæудтæй. Туххæй-фудти ма бахъæрттæй æ кæвдæси листæнмæ, æ кæрцæй æхе æрæмбарзта, гъæмпи ранигъулдæй æма æрбафунæй æй.

Æ фунæй – тæрхъоси фунæй. Æмбесæхсæвæй берæ нæма иссæудзæнæй, уотæ бабæй хецауи гъæр райгъусдзæнæй:

– Кæми дæ биццеу, тагъддæр рагæпп кæнæ æма дæ фонс раскъæрæ! Æмбесбон ку иссæй!..

Æрдæгигъалæй бабæй уайдзæнæй сæумон æртæхбæл фонси фæдбæл минкъий биццеу. Кусти бабæй евгъуйдзæнæй æ бон.

Уотæ аллибон дæр, бон-изæрмæ.






# ПОБЕДА ОДНА. А ПАМЯТЬ РАЗНАЯ?

**Елена НОВОСЕЛОВА**

Около 90 процентов архивных документов, относящихся к истории Второй мировой и Великой Отечественной войны, открыты и изучены историками. Прошло почти 80 лет. Что нового сегодня могут сказать ученые? Об этом пойдет речь на международной научной конференции, посвященной 80-летию Победы. В ней, в частности, примут участие директора институтов истории СНГ. Готов и общий сборник «Народы Советского Союза и Великая Победа», работа над которым неожиданно оказалась очень непростой. В чем наши разногласия, говорим с научным руководителем Института всеобщей истории РАН, академиком Александром Чубарьяном.

**Александр Чубарьян:** Для меня очевидно, что к истории войны нужен новый подход с учетом современной обстановки. Один из актуальных на сегодня вопросов: была ли Вторая мировая война неизбежной? Если нет, то что же не было сделано, чтобы ее предотвратить? Весь мир явно недооценивал угрозы нацизма и фашизма. Не только с точки зрения политики, но и идеологии. Многие читали «Майн кампф», слушали Гитлера, но по большому счету серьезной кампании против не развернули. Проходили антифашистские конгрессы, но их считали «деянием рук Советского Союза». И эта «недооценка» звучит сегодня, мне кажется, очень актуально.

*Еще бы, одна из бывших союзных республик, вооружившись нацистскими идеями, сражается сейчас против нас. На днях Украина вместе с Литвой пыталась заблокировать резолюцию Генассамблеи «Восьмидесятая годовщина окончания Второй мировой войны», чтобы в стенах ООН не звучало осуждение фашизма… Не выучили уроков истории?*

**Александр Чубарьян:** Последние несколько месяцев мы с коллегами из СНГ готовили исследование «Народы Советского Союза и Великая Победа». В нем поработали авторы практически из всех бывших союзных республик, даже Туркмения, которая мало участвует в общих для СНГ мероприятиях. Каждый написал свою главу. Главу об участии Грузии написали наши коллеги из Грузии. Все едины в подходе к освещению войны, все отмечают сплочение народов как важнейшее условие для Победы. В настоящий момент все главы получены, идет их редактирование в издательстве. Надеюсь, что к 20 апреля книга будет готова.

*Однако, насколько мне известно, работа над сборником оказалась очень непростой...*

**Александр Чубарьян:** Да, выявились разные точки зрения, к примеру, на предвоенную обстановку. В большинстве из представленных глав говорится о негативном воздействии репрессий, особенно во второй половине 30-х годов.

Но я бы напомнил, что репрессии коснулись в большей степени русского народа и Российской Федерации.

Недостаточно освещены и успехи экономики во всей стране: хотелось бы больше подробностей о том, как создавалась экономическая база, развивалась наука, образование, культура, в том числе в национальных республиках.

Некоторые наши коллеги с критикой рассматривают вопросы национального самосознания, поддержки национальной культуры, национальных языков в СССР.

По-разному трактуются и сюжеты об элементах государственности в союзных республиках. Между тем напомню, когда на Ялтинской конференции обсуждали создание ООН, Сталин предложил включить в число ее членов все наши национальные республики. В итоге отдельное членство в организации помимо СССР получили Украина и Белоруссия.

*Перед долгожданной презентацией российско-германского учебного пособия по истории XX века было десять лет трудных дискуссий вокруг ключевого события прошедшего века – Второй мировой. Договариваться с коллегами из СНГ было проще?*

**Александр Чубарьян:** Я бы привел в пример общий учебник не с Германией, а с Польшей. С немцами мы нашли общий язык гораздо быстрее, чем с поляками. Однако и с польскими коллегами все же получилось опубликовать три тома российско-польского пособия для учителей средней школы по истории под названием «Россия и Польша: преодоление исторических стереотипов». Мы концентрировались именно на тех вопросах, по которым были разногласия в оценке истории. С СНГ у нас все-таки единые позиции, когда мы говорим о таком сакральном для всех событии, как Великая Отечественная война.

*И все же для Узбекистана принципиально подчеркнуть, что республика участвовала не в Великой Отечественной, а во Второй мировой войне. Как удалось обойти эту несостыковку?*

**Александр Чубарьян:** Книга написана конкретными авторами. В нашем сборнике только две главы с заголовком «Участие во Второй мировой войне». Из Узбекистана и Грузии. Эта точка зрения не господствующая и не официальная. Знаю об этом, например, из хороших контактов с историческим факультетами Ташкентского и Самаркандского госуниверситетов. Это скорее концептуальные издержки формирования идентичности в некоторых странах, которые всегда очень сложны.

Моя позиция такая: независимо от заголовка текст узбекских коллег посвящен именно нашей совместной деятельности в годы Великой Отечественной войны – с 1941 года до 1945 года. А в грузинской главе первые же фразы говорят об участии в отечественной борьбе против фашизма. Поэтому в данном случае я бы не драматизировал эти терминологические вещи. Это не должно стать предметом конфронтации. Поэтому, я думаю, надо искать пункты согласия и совместные проекты.

*Однако недавно появилось интервью, где вообще оспаривалась возможность для стран СНГ иметь общую историческую память…*

**Александр Чубарьян:** Последнее время вообще большое внимание уделяется общей исторической памяти на постсоветском пространстве. По этому вопросу существуют разные точки зрения. Мы договорились провести заседание ассоциации директоров институтов истории специально по этому вопросу.

*Политики и ученые твердят о крахе мирового порядка, установленного после Второй мировой войны, рисуют контуры нового. Но стоит ли списывать эту эпоху со счетов истории?*

**Александр Чубарьян:** Я бы сказал, что многое из того, что случилось во второй половине XX века, вплоть до наших дней, вышло из Второй мировой войны. Экономика во всем мире перестроилась: это хорошо известно экономистам – всякая война подталкивает к технологическому развитию. Для всего мира и нашей страны события Второй мировой обернулись атомным проектом и другими разработками. Даже сегодняшние открытия, которые изменили всю нашу повседневную жизнь, имели истоки оттуда. На упомянутой конференции будет специальный доклад о роли науки в Великой Отечественной и Второй мировой. Война очень сильно содействовала развитию национального сознания по всему миру. Она началась с борьбы против японского господства на Дальнем Востоке и в Азии, развивалась усилением антиколониальной борьбы в Азии и даже в Африке и в итоге привела к краху колониальной системы.

После Второй мировой войны столкнулись два вектора развития мира: глобализм и национальное самосознание. И это столкновение продолжается до сих пор. Хотя глобализм развивался на Западе по либеральному варианту и породил однополярный мир.

Кстати, произошли идеологические изменения и в Советском Союзе: от идеи мировой революции к национальным приоритетам. Это отразилось в известном выступлении Сталина, когда он сказал, что важнейшим является обращение к национальным традициям, упомянул имена Дмитрия Донского, Александра Невского, Александра Суворова, Михаила Кутузова… Кульминацией этого движения стал 1943 год, когда СССР ликвидировал Коминтерн. Вернулись офицерские звания, погоны. Может, это и мелочь, но это вектор на обращение к тому, что было в России до 1917 года. Советское руководство примирилось с РПЦ. Все это и сегодня превалирует в нашей политике по отношению к прошлому.

*Вы видите в истории Победы какие-либо исторические параллели и рифмы с нынешним состоянием дел?*

**Александр Чубарьян:** До Второй мировой войны трудно было себе даже представить, что Советскому Союзу будут предлагать проекты разделения сфер влияния среди наших партнеров и союзников. Мне кажется, что этот сюжет очень интересен в контексте нашего противостояния сегодня со странами Восточной Европы, которые отрицают факт их освобождения Красной армией от нацизма. А ведь именно западные лидеры, Черчилль и Рузвельт, предлагали разделить этот регион, историки и политологи которого сейчас больше всего на нас нападают по поводу истории 80-летней давности.

Еще один урок: противостояние Запада и Советского Союза полностью не уходило даже в годы войны. Напомню, в феврале лидеры «Большой тройки» встречались в Ялте, а через три месяца на столе Черчилля лежал уже проект «Немыслимое» о войне Великобритании и США против Советского Союза. Через год начинается холодная война. Однако Ялта – пример возможного исторического компромисса перед внешней опасностью в условиях, когда сохраняется противостояние – ценностное, идеологическое, экономическое между Советским Союзом и западным миром, а сегодня между Россией и Западом.

Глобализм в либеральном варианте после войны вырос на базе явного внимания населения к левым идеям. Это уже было и в Восточной Европе (не только пришло с советскими войсками), и в Западной Европе. На этой основе сформировалась идеология Европейского Союза, который именно приспосабливал либеральные ценности. Однако для меня, который этим много занимался, существуют явные противоречия между тем, о чем мыслили основатели Европейского союза после войны, и тем, что происходит в кругах брюссельской бюрократии в современной Европе.

***Российская газета – Федеральный выпуск: №64(9603) 25 марта 2025 г.***

## АВТОРИТЕТНОЕ МНЕНИЕ



**Николай БЕРДЯЕВ (1874-1948), философ:**

**«И вы не задумываетесь над тем, что убийство духовное в тысячу раз страшнее убийства физического. Между тем как мирная жизнь наша наполнена духовным убийством. Без всякой войны убиваем мы ближних наших нашими чувствами и мыслями, пускаем во все стороны человекоубийственные токи, отравляем страшными ядами души людей. Наша мирная жизнь полна ненависти и злобы, и эта ненависть и злоба убивает людей. В Евангелии сказано, что убивающих душу нужно бояться больше, чем убивающих тело. И вот в самые мирные, не воинственные времена идет война, убивающая души, отравляющая и растлевающая души людей. Почему это не пугает нас менее, чем физические убийства на войне? Всякое убийство по внутренней своей сущности есть убийство духовное, а не физическое».**

**Войска 3-го и 2-го Украинских фронтов 4 апреля 1945 года завершили освобождение Венгрии от немецко-фашистских захватчиков. В былые времена этот день в этой стране отмечался как народный праздник – День освобождения Венгрии.**

Вам время скоротать? Сходите замуж!..

☺ ☺ ☺

Конечно, классиков я читал. К примеру, читал «Тихий дон Кихот».

☺ ☺ ☺

Взглянул одним глазом, а засветили в оба.

☺ ☺ ☺

Да, я сулил златые горы, на вот о шубе речь не шла.

**РАХОДУНИ БОН ÆНÆГЪÆНÆ ДУЙНЕЙ ДÆР БÆРÆГГОНД ЦÆУЙ 1 АПЪРЕЛИ. ЗÆРДÆХЦÆУÆНÆЙ ИГЪÆЛДЗÆГ КÆНЕТÆ ÆМА БЕРÆ ФÆЦЦÆРАЙТÆ!..**



АБИСАЛТИ Юрийи конд хузæ.

**Нæ рагфидтæлтæ уотæ зæгъиуонцæ: «Хор алкедæр æма алцидæр æмхузон тавуй, фал ин æ рæвдудæй ба еугурæй еухузон боз нæ разиннунцæ...» Мадта ходæги кенæ циргъзунди загъдæн дæр æ уавæр уотæ ’й – кадæр ибæл бацийнæ кæнуй, сауæнгæ ма си зундæфтауæнæн дæр испайда кæнуй, кадæр ба уоййасæбæл æнæлæдæргæ разиннуй æма низзæрдихудтæ уй... Уогæ алкæмæн дæр уомæй æ барæ æхе æй. Мах ба уотæ зæгъæн æма цийфæнди уавæри дæр дæ зæрдиуагæ æ кеми цæмæй уа, цийнагбæл цийнæ кæнай, цард хуарз лæдæрай æма дин рæсугъддзийнадæ нифсдæттæг уа... Æма рæхги, 1 апърели ходуни Бон бæрæггонд ке цæудзæнæй, уомæ гæсгæ нæхе барæвдауæн игъæлдзæггæнæг хабæрттæй.**

# ДЗИГЛО – «НОМДЗУД ФИНСÆГ»

*Мæ цардамонд кæд хуæздæр рауайидæ, зæгъгæ, фæндæй еу дзигло, æ райгурæн гъæубæстæй ранæхстæр æй Уæрæсей устурдæр сахартæй еуемæ, æнгъæлдæн, Мæскумæ. Æ ниййергутæ дæр сæ зæрдæ дардтонцæ кæдимайди ба нæ биццеуи гъуддæгутæ фæррæстмæ уиуонцæ. Уой лæдæргæй сæмæ е дæр æ хабæрттæ фегъосун кæнидæ. Еу рæстæги ба сæмæ, мæхе финст æнцæ, зæгъгæ, цидæр киунугутæ дæр исæрветидæ. Ниййергутæн æхцæуæн куд нæ адтайдæ, сæ фурт æгайтима финсæг иссæй æма агъазиауæй-агъазиаудæр киунугутæ ке ниффинста, е. Уогæ еци дууæ зæронди кæцæй зудтонцæ, æцæгæй ке финст адтæнцæ, еци киунугутæ. Фал уæддæр сæрустур адтæнцæ сæ фуртæй. Раст зæгъгæй, æ «финст киунугути» цидæртæ сæ зæрдæмæ нæ цудæнцæ. Уой туххæй ин æ фидæ фегъосун кæнидæ, ци финстæгутæ имæ рарветидæ, уонæми.*

## ФИЦЦАГ ФИНСТÆГ

«Гиви, мæ бæдолæ, дæ бонтæ хуарз. Уогæ ци æскъуæлхтдзийнадæ равдистай, уой фæсте дæ бæдолæ исхонун æвзаг тасгæ дæр нæбал кæнуй, ду гъæуама хуннай джигит.

Арфæ дин кæнун, дæ зæронд ниййергутæн дæ нæуæг финст ке ’рбарвистай, уой фæдбæл. Æнæгъæнæ гъæубæстæй æй æд цъелæ, æд мелæ бакастан.

Махæй уоддæр ци гъæу ес, уоми цæрæг Вахтанг, – мæнæ хуæрзконд кизгæ кæмæн ес, е дин дæ роман ку байаргъудта, уæд сауæнгæ ма æ зæрдæ дæр исхъурмæ ’й æма æ цæстисуг нæбал бауорæдта. Нæ, уогæ еу цæстисуги æртæх нæ адтæй, фал си æнæгъæнæ дæс тъинкки æрæгъзалдæй æма ма сауæнгæ æ алæмæти рæсугъд кизгæ Зухрай дæр дæуæн цардæмбалæн раттунбæл дæр исарази æй.

Уомæ гæсгæ ба дæ сæр мабал ресун кæнæ, сахари дæхецæн кизгæ биййнонагæн агорунбæл, дæ фидæ дин дæ бæсти бамæтæ кодта, дæ исфæлдистадон цæрди кæронмæ ке хæццæ фæццæрай, уæхæн цардæмбал байагорунбæл.

Еунæг гъуддаг си нæ зæрдæмæ нæ фæццудæй. Аннæ Каренина цæмæ. Гормон! Нæхердигон рæсугъд нæмттæ минкъийдæр æнцæ. Зæгъæн, дæ фиди хуæрæ – Нонæ, кенæ дæ фиди фиди æнсувæри уосæ Мартæ Куркачалишвили?

Тæвдæ ма кæнæ, фал æй кæронмæ байаргъуæй. Æз берæ фæуулдтон царди æма мæ курухон зундæй уотæ гъуди кæнун, дæхе дони тæфæй цæуæг хуæдтолги цæлхити бунмæ багæлдзæ æма дæ цард уотемæй рахецæн уæд, е мæнмæ бустæги раст нæ кæсуй.

Хуæздæр адтайдæ арф æнæбун комæй æй Рионий цæугæдонæмæ ку расхустайсæ, кенæ ба ’й гъæддаг сæгътæ сæ къæхти буни ку нинсастайуонцæ еци хъахбай силгоймаги, уæд.

Дæ хъæма райеуварс кæнæ æма æрæллау уо!

Цидæр æдули дæмæ нæ финсуй, фал дæ курухон фидæ. Боз ди дæн, разæй дæ муггаг финст кæбæл адтæй, еци сифæ ке истудтай, уой туххæй. Е дæр дæ хуæдæфсармæдзийнадæбæл дзорæг æй.

Фал мæн, дæ фиди, нæ расайдзæнæ. Æз дин цъундæ цæститæй дæр дæ финсти гъæдæ базондзæнæн. Арфæ дин кæнун! Федар лæууæ, куд дæ, уотемæй.

Куд курдтай, уомæ гæсгæ дин 100 соми ферветун. Мах дæр ма иронх кæнæ. Æрхун дæбæл кæнæн.

Дæ уорссæр фидæ...»

## ДУККАГ ФИНСТÆГ

«Гиви, мæ джигит, мæхе бабæй нæбал бауорæдтон æма дæмæ нæуæгæй финсун. Абони сæумæй сахари базар рабæрæг кодтон. Киунугутæуæйæгæнæг тæрхæгбæл дæ «Аннæ Каренина» æрæстæфтæн. Еци усми мин мæ цæститæ æма мæ зæрдæмæ ку никкастайсæ.

Дæ мадæн си балхæдтон, цæмæй дин дæ гъудитæ æ бази буни дара.

Фал æй нæ лæдæрун, Гиви, уæхæн æнахур фæсномуг дæхецæн цæмæн райстай: А-Домбай, лæдæрд æй (Лев). Ду алкæддæр домбайау тухгин адтæ. Фал «Толстой» ба дæумæ ци барæ даруй? Сабий уогæй дæ алкæддæр мæ хæццæ хуæнхтæмæ хонинæ, цæмæй ди æцæг лæг рауайа æма мæлтъиз ма адтайсæ. Мæн нæ фæндуй, цæмæй дæумæ еске æнгулдзæй амона æма дæ фæсте дзора: уæртæ еци туппур Варапи фурт æй, зæгъгæ.

Баййевæ еци рæдуд! Нæ дзилагæ нин ма ходуйнаг кæнæ. Æз дæуæй хестæр æма курухондæр дæн. Мæнмæ байгъосæ! Мæ дзурди сæрти ма хезæ! Æз нимади лæг дæн. Мæнмæ сауæнгæ ма æндæр гъæутæй дæр æрбацæунцæ унаффæнгъæл. Ду ба мæ еунæг къаццеу дæ. Æма бабæй дæ хуæдæфсæрми туххæй. Тæрхæгæл ма æрæстæфтæн еума киунугæ: «Война и мир». Цæмæдесаг æй. Дзæбгарæ гæгъæди ибæл исхарз кодтай. Фал, Гиви, æндæр бæстаг адæмихæттити цардмæ цæмæ? Гъо, етæ тухгин, æндиуд адæмтæ ’нцæ, фал мах фидтæлтæ нæ ’нцæ, уомæ гæсгæ ба сæмæ уойбæрцæ æргом æздахун дзæгъæл гъуддаг æй. Фæззиннæ нæхемæ. Радзубандиаг мæмæ ес дæ хæццæ. Фал ди уæддæр арфиаг дæн. Уомæ гæсгæ ба дин 200 соми æрветун. Мæ финстигъæди туххæй хатир.

Дæ уорссæр фидæ...»

## ÆРТИККАГ ФИНСТÆГ

«Гиви, хъæбæр устур лæг исдæ. Дæ хъаурæ æма дæ зунд хъæбæр хъазар æнцæ. Еугур зæронд ниддæн, ду ба мæмæ нæ цæуис.

Арфæ дин кæнун дæ нæуæг киунуги туххæй. Цийнæ дæр ибæл бакодтон, маст дæр искодтон. Дæ дзурдиздæхт рæсугъд æй, фал бабæй æдагæнттæбæл финсис. Сабий уогæй дин цæйбæрцæ фæддздзурдтон нæ алæмæттаг рæсугъд бæсти туххæй. Цæйбæрцæ аййев зартæ ибæл фæккæнианæ. Ду ба уæддæр æндæр бæститæбæл финсис. Уæдта бабæй дæ фæсномуг цæмæн раййивтай? Раздæр «толстый» адтæй, нур ба «гоголь». Нæ фидтæлтæ мин æй ниххатир кæнæнтæ дæ æнæсæр миутæ.

Гиви, нæ дзилагæ нин ма ходуйнаг кæнæ! Игъосис? Дæхе æрлæдæрæ! Æрветун дин 300 соми.

Дæ уорссæр фидæ...»

***Гивий фиди финстæгутæ мухурмæ бацæттæ кодта Виктор ШАШКИН.***




– Хуæдтолгæ балхæдтон, уой, мæ хæлар, нæ фегъустай?. Цæмæн æй балхæдтон, зæгъгæ, мæ ку бафæрсай, уæдта дин ратдзæнæн уæхæн дзуапп: æз дæр, зæгъун, аллирауæнтæбæл ку разилдтитæ кæнинæ, дуйне ку фæууининæ.

– Хъæбæр хуарз бакодтай, мæ хъазар, хъæбæр хуарз. Æцæг кæци дуйне фæууинунмæ гъавис: аци дуйне, æви æносон дуйне?..

☺ ☺ ☺

**Юханнеси уосæ рамардæй. Аргъауæнмæ ’й ку хастонцæ, уæд кирæ дуари тæрвазæбæл бакъуæрдтонцæ, æма зæронд уосæ райгъал æй. Куд рабæрæг æй, уотемæй е мард нæ адтæй, фал летаргион фунæй бацæй.**

**Еуцалдæр анзей фæсте бабæй нæуæгæй рамардæй Юханнеси зæронд уосæ. Æ мард бабæй ин аргъауæнмæ ку хастонцæ, уæд Юханнес кирæхæсгутæмæ дзоруй:**

**– Арæхстгай бацæуетæ, уæ хуарзæнхæй! Кенæдта бабæй... Гъуди ма ’й кæнетæ, айразмæ гъуддаг куд рауадæй, уой?**

☺ ☺ ☺

Дууæ æмбали кæсалгæ ахæстонцæ. Еуафони бафеппайдтонцæ, кæсæлгити гъæуайгæнæг инспектор сæмæ комкоммæ ке ’рбацæуй, уой. Æма кæсалгахæсгутæй еу ледзæги фæцæй. Инспектор æ фæдбæл фескъардта æма æй фæссурдта æртæ километрей бæрцæ. Байагурдта си кæсалгахæссуни бари гæгъæди.

Кæсалгахæссæг имæ ’й балæвардта.

– Мадта ми уæд цæмæ лигътæ? – деси бацудæй инспектор.

– Уомæн æма ме ’мбалмæ нæ адтæй уæхæн гæгъæди, – дзуапп ин равардта кæсалгахæссæг.

☺ ☺ ☺

**Уосæ рандæй курортмæ æма алли бон дæр æ лæгмæ тел æрвиста: «Уарун не ’нцайуй, æма хъæбæр æнкъард кæнун».**

**Æстæймаг бон æ лæг рарвиста уæхæн дзуаппон тел: «Æвæстеуатæй нæхемæ рацо! Ами, нæхемæ, уарун асландæр æй».**




Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 665 .
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.03.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.03.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.